



## Orè Evalyasyon Lekòl Piblik Cambridge yo

Pandan tout ane lekòl la, elèv yo montre sa yo aprann nan divès fason, ki gen ladann diskisyon nan salklas la, pale ak pwofesè yo, pwojè, prezantasyon, pèfòmans, travo alekri, exit tickets (evalyasyon rapid) ak tès. Diferan evalyasyon sa yo dokimante ak mezire prantisaj elèv yo epi oryante planifikasyon ak enstriksyon pwofesè yo. Sèten evalyasyon espesifik pou sèten nivo klas sèlman, alòs ke gen lòt yo itilize pou plizyè nivo klas.

**Screeners ak lis verifikasiyon (checklists)** kreye yon imaj de pwogrè yon elèv pou li devlope konpetans espesifik pou oryante plan enstriksyon, apwòch ak gwoup yo. **Evalyasyon distri komen** yomenm evalye estanda korikolòm Eta a epi ede detèmine kijan tout elèv ap debwouye yo sou matyè sjè kimilatif ak kijan gwoup demografik yo ap pwogrese pa rapò ak tout elèv yo anjeneral pou oryante korikolòm ak enstriksyon an. **Evalyasyon Eta yo fè** (MCAS ak ACCESS) gide fanmi yo sou fason elèv yo ap debwouye yo, si yo konpare yo ak lòt elèv nan Eta a epi ede idantifye lekòl ak gwoup elèv ki bezwen plis sipò.

Annapre a, w ap jwenn yon lis kalandriye estanda pou evalyasyon yo Lekòl Piblik Cambridge òganize. Tanpri pa blyie chak lekòl endivididyèlman gendwa fè yon evalyasyon mwens fwa pase sa ki make anba a. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan chak nan evalyasyon sa yo, anpri al gade seksyon Korikolòm ak Enstriksyon sou wèbsayt nou an.

## Orè Evalyasyon Lise

MATYÈ	TIP EVALYASYON	KILÈ		
<b>6yèm, 7yèm, 8yèm Klas</b>				
<b>Lang ak Literati Anglè</b>	Tès Lekti FAST	Lotòn		Prentan
	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Evalyasyon Ekriti Ankomen yo	Lotòn	Livè	
	Lang ak Literati Anglè MCAS			30/03-1/05
<b>Istwa/ Etid Sosyal</b>	Pre- ak Post-Evalyasyon	Septanm		Jwen
	Redaksyon Kesyon ki Baze sou Dokiman ak Evalyasyon ki baze sou Pwojè	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
<b>Matematik</b>	Evalyasyon Enterimè Ankomen yo		Livè	Prentan
	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Evalyasyon Aljèb 1 (8yèm Klas)		Janvye	Jwen
	Matematik MCAS			27/04-22/05
<b>Syans</b>	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Syans MCAS (8yèm Klas)			28/04-22/05
<b>Moun k ap Aprann Anglè</b>	ACCESS pou Moun k ap Aprann Anglè		Janvye	
	Ankourajman pou Ekri WIDA (Imèsyon Pwoteje nan Anglè ak Anglè kòm Dezyèm Lang)	Septanm		Me
	WIDA MODEL (Anglè kòm Dezyèm Lang)	Septanm		

## Orè Evalyasyon Lekòl Primè

MATYÈ	TIP EVALYASYON	KILÈ		
<b>JADENDANFAN JISKA 5YÈM KLAS</b>				
<b>Lang ak Literati Anglè (ELA)</b>	Tès Lekti FAST	Lotòn	Livè	Prentan
	Evalyasyon Ekriti Ankomen yo	Lotòn	Livè	Prentan
	Sistèm Evalyasyon Etap - Lekti			Prentan
<b>Moun k ap Aprann Anglè</b>	ACCESS pou Moun k ap Aprann Anglè		Janvye	
	Ankourajman pou Ekri WIDA (Imèsyon Pwoteje nan Lang Anglè ak Anglè kòm Dezyèm Lang)	Septanm		Me
	WIDA MODEL (Anglè kòm Dezyèm Lang)	Septanm		
<b>Sosyo-emosyonèl</b>	SAEBRs (Tès pou Risk Konpòtman Sosyal, Akademik, Emosyonèl)	Lotòn	Livè	Prentan
<b>JADENDANFAN SÈLMAN</b>				
<b>Kindergarten</b>	Envantè Tès Bonè: Tès nan Jadendanfan	Lotòn	Livè	
<b>Matematik</b>	Evalyasyon Konte nan Jadendanfan	Lotòn	Livè	Prentan
	Lis verifikasyon CPS lan	Lotòn	Livè	
<b>1YE AK 2YÈM KLAS SÈLMAN</b>				
<b>ELA</b>	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
<b>Matematik</b>	Tès FAST aMatematik	Lotòn	Livè	Prentan
	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Evalyasyon Enterimè Ankomen yo		Livè	Prentan
<b>Syans</b>	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
<b>3YÈM KLAS JISKA 5YÈM KLAS SÈLMAN</b>				
<b>ELA</b>	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Lang ak Literati Anglè MCAS			30/03-1/05
<b>Matematik</b>	Tès FAST aMatematik	Lotòn	Livè	Prentan
	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Evalyasyon Enterimè Ankomen yo		Livè	Prentan
	Matematik MCAS			27/04-22/05
<b>Syans</b>	Evalyasyon Inite Ankomen yo	<i>Fen inite a konfòmeman ak Map Korikolòm la</i>		
	Syans MCAS (5yèm Klas)			28/04-22/05